



Lawoujòl nan Vil New York: Kisa Direktè Pwogram Dete Atik 48 yo Bezwen Konnen

Aktyèlman la, gen yon gwo epidemi lawoujòl nan kèk kote nan Vil New York, prensipalman nan Williamsburg, Brooklyn. Pou ede kontwole epidemi an, Komisè Sante a ap pibliye yon Òdonans pou pwogram dete ki sitiye nan kòd postal 11205, 11206, 11211 ak 11249 yo ki egzije pou yo pran mezi adisyonèl.

Fich enfòmasyon sa a bay enfòmasyon sou lawoujòl, epidemi aktyèl la ak responsablite pwogram dete Atik 48 yo ki anndan kòd postal 11205, 11206, 11211 ak 11249 yo.

Ki sa lawoujòl ye?

Lawoujòl se yon viris ki trè kontajye ki ka lakòz lafyèv ak gratèl; li kapab mòtèl.

Ki moun ki ka gen lawoujòl?

- Nenpòt moun ki pa vaksine oswa iminize ka gen lawoujòl a nenpòt ki laj.
- Lawoujòl kapab grav pou moun ki gen tout laj, men moun ki plis arisk yo se tibebe yo ak timoun piti yo, fanm ki ansent yo, moun ki gen sistèm iminitè fèb yo, granmoun ki pa iminize kont lawoujòl yo.

Kijan ou ka fè prevansyon kont lawoujòl?

Vaksinasyon se fason ki pi bon pou prevni lawoujòl. Vaksen kont lawoujòl, malmouton, ak ribeyòl (MMR) la sekiritè epi li efikas.

Pwogram dete mwen an **SITIYE** nan kòd postal 11205, 11206, 11211 oswa 11249. Ki egzijans vaksinasyon ki genyen ak kijan mwen ka konfòm?

Pwogram dete ki nan kòd postal sa yo dwe pran mezi adisyonèl pou yo pwoteje sante timoun yo ak anplwaye yo Nenpòt timoun oswa anplwaye ki pa satisfè egzijans vaksinasyon ki gen nan Òdonans lan pap ka patisipe nan pwogram dete a. Sa gen ladan timoun oswa anplwaye ki gen yon kondisyon medikal ki anpeche yo pran vaksen.

Pwogram dete ki nan kòd postal sa yo dwe swiv enstriksyon ki annapre yo:

- Mentni yon dosye vaksinasyon pou chak timou ki enskri nan pwogram lan ki gen ladan dat lè timoun lan te resevwa vaksen MMR la.
 - Timoun ki nan laj ant 6 mwa a 11 mwa yo dwe resevwa yon dòz vaksen MMR la. Sa se yon dòz ekstra, y ap ba yo bonè.
 - Timoun ki gen 12 mwa oswa plis yo ki pral antre nan gadri oswa prematènèl an otòn 2019 la dwe pran yon dòz vaksen MMR la. Si yon timoun te resevwa yon dòz ekstra,

yo te ba yo bonè lè yo te gen ant 6 mwa a 11 mwa, yo dwe toujou resevwa yon dòz vaksen MMR la nan dat oswa apre premye anivèsè nesans yo, nan omwen 28 jou apre dòz ekstra, yo te ba yo bonè a.

- Timoun ki pral antre nan matènèl oswa klas ki pi wo yo an otòn 2019 la dwe pran de dòz vaksen MMR la y ap administre nan dat oswa apre premye anivèsè nesans yo. Yo dwe separe dòz yo pa yon delè 28 jou ominimòm. Timoun yo ka patisipe nan pwogram dete a imedyatman apre yo resevwa premye dòz vaksen MMR la, men yo dwe resevwa dezyèm dòz la 28 jou apre premye dòz la.
- Mentni dokiman yon egzamen medikal ak vaksinasyon resan pou tout manm anplwaye, ki gen ladan dat lè anplwaye a te resevwa vaksen MMR la. Yon tit IgG pozitif oswa yon dat nesans avan 1957 se yon ranplasan akseptab pou vaksen MMR la.
- Mentni dosye vaksinasyon yo ak dosye prezans chak jou yo sou lèlye pou timoun ki enskri yo ak anplwaye yo. Si anplwaye Depatman Sante a yo mande pou yo wè dosye yo, ba yo l imedyatman oswa nan lespas inèdtan.
- Toujou mentni pwopòsyon timoun pa pèsònèl obligatwa a, menm si yo te ekskli anplwaye yo paske yo pa te satisfè egzijans vaksinasyon yo.
- Avize Depatman Sante a imedyatman si yo te dyagnostike yon timoun oswa yon anplwaye avèk lawoujòl lè w rele liy daksè a pwofesyonèl swen an nan 866-692-3641.

Pwogram dete mwen an PA sitiye nan kòd postal 11205, 11206, 11211 oswa 11249. Ki egzijans vaksinasyon ki genyen ak kijan mwen ka konfòm?

Pa gen chanjman nan egzijans vaksinasyon yo. Ou dwe kontinye swiv enstriksyon ki annapre yo:

- Mentni yon dosye vaksinasyon pou chak timou ki enskri nan pwogram lan, ki gen ladan dat lè timoun lan te resevwa vaksen MMR la.
 - Timoun ki gen 12 mwa oswa plis yo ki pral antre nan gadri oswa prematènèl an otòn 2019 la dwe pran yon dòz vaksen MMR la.
 - Timoun ki pral antre nan matènèl oswa klas ki pi wo yo an otòn 2019 la dwe pran de dòz vaksen MMR la.
 - Yo pa bezwen vaksine timoun yo si yo gen yon egzansyon medikal.
- Mentni dokiman yon egzamen medikal ak vaksinasyon resan pou tout manm anplwaye, ki gen ladan dat lè anplwaye a te resevwa vaksen MMR la. Yon tit IgG pozitif oswa yon dat nesans avan 1957 se yon ranplasan akseptab pou vaksen MMR la.
- Mete dosye medikal sa yo disponib pou anplwaye Depatman Sante a, si yo mande yo.

Pou ransèyman konsènan egzijans pwogram dete yo, rele [biwo swen timoun minisipalite ou a](#). Pou w jwenn enfòmasyon kontak biwo minisipalite a, vizite nyc.gov/health epi chèche pou “camp operators” (“operatè kan yo”).

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou lawoujòl ak sou epidemi lawoujòl sa a, vizite nyc.gov/health/measles.